



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI AFGAN KI EVAKYE YO NAN ETA NEW YORK

Nouvo oryantasyon Depatman Eta Ameriken an endike jiska 1,143 Afgan ka reyenstale nan New York pandan sis mwa k ap vini yo

Ajans lokal yo nan Albany, Buffalo, Vil New York, Rochester, Syracuse ak Utica pral bay sèvis pou ede moun ki evakye yo rekonstwi tèt yo

Gouvènè Kathy Hochul te akeyi jodi a Afgan yo ki pral reyenstale nan kominote New York nan mwa k ap vini yo epi te pwomèt pou ofri yo asistans atravè ajans reyenstalasyon eta a sipòte yo pandan y ap rekonstwi lavi yo. Pwogram Plasman ak Asistans pou Afgan nan Depatman Eta Ameriken an te enfòmè eta a ke jiska 1,143 resòtisan Afgan ki evakye ete sa a ka reyenstale nan kominote yo atravè New York pandan sis mwa k ap vini yo.

"New York gen yon long istwa sou akèy sila yo k ap chèche yon refij san danje kont vyolans ak pèsèkasyon - yon tradisyon fyè eta nou an kontinye jodi a nan ede evakye sa yo ki soti Afganistan pou rekonstwi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Imaj ki dechire kè sa yo ak istwa moun k ap pran lafwit kite peyi yo se te yon apèl pou pran aksyon ke Eta New York gen anpil volonte pou reponn. Nou akeyi nouvo zanmi Afgan nou yo avèk bra ouvri epi nou angaje pou ba yo asistans yo kapab konte sou yo pou rekonstwi ankò"

Afgan yo, sa gen ladan kèk ki deja rive, ta dwe ale nan nouvo kominote ant kounye a ak 31 mas. Sa ta dwe gen ladan jiska 100 nan Albany, 335 nan Buffalo, 240 nan zòn Vil New York, 200 nan Rochester, 248 nan Syracuse ak 20 nan Utica.

Gouvènè Hochul te pibliye tou yon pwoklamasyon ki deziyen semèn sa a kòm Semèn Akèy nan tout eta a, ki mande tout Nouyòkè yo pou depase diferans yo pou yo ka resevwa popilasyon imigran ak refijye yo ak kontribisyon sivik yo ofri. Gade pwoklamasyon an [isit la](#).

Sila yo k ap rive nan New York pral jwenn èd ajans yo ke Biwo Sèvis Refijye yo finanse, ki sitiye nan Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Andikap eta a. Ajans sa yo gen misyon pou bay sèvis ak refijye yo ak lòt ki pa sitwayen ki te rive nan Eta New York ki soti aletranje oswa lòt kote nan peyi a legalman anba yon estati imigrasyon espesifik.

"Anpil an nou pa kapab konprann laperèz ak difikilte Afgan k ap rive nan eta nou an te andire", **Komisè OTDA, Mike Hein te deklare.** "Wòl nou kounye a se pou resevwa yo nan kominote nou yo, ede yo rekonstwi lavi yo epi resevwa yo antanke vwazen nou. Nou pa ka tann pou wè yo fè pati peyizaj kiltirèl rich lan ki se Eta New York".

Anplis de sa, Biwo pou Nouvo Ameriken Depatman Eta nan Eta New York la bay yon seri sèvis sipò gratis pou tout imigran ak refijye yo, kèlkeswa estati yo. Sa yo gen ladan sèvis ak pwogram kominotè tankou devlopman mendèv, sante mantal, aprantisaj lang Angle ak asistans legal.

"New York se yon flanbo pou imigran ak refijye yo ki soti toupatou nan monn lan epi n ap akeyi Afgan k ap chèche sekirite ak opòtinite yo", **Sekretè Eta a, Rossana Rosado te deklare.** "Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la pare pou konekte Afgan yo ak yon seri sèvis ak resous pou ede yo reyisi pandan yo kòmanse rele Empire State la lakay yo".

Afgan ki evakye k ap rive yo te apwouve pou yo antre selon desizyon sekretè Departman Sekirite Enteryè Ameriken an pou rezon imanité ijan. Separe de refijye yo ak sila yo ki admèt sou Viza Imigran Espesyal, moun sa yo otorize rete nan Etazini pou yon peryòd tanporè pandan y ap chèche azil oswa yon estati imigran ki pi pèmanan.

Gen anviwon 7,500 Afgan kounye a k ap viv nan Eta New York kounye a, men kantite sa a ta dwe ogmante anpil amezi evakye imanité yo, benefisyè Viza Imigran Espesyal yo ak refijye yo rive. Biwo Popilasyon, Refijye ak Migrasyon (Bureau of Population, Refugees, and Migration, PRM) Depatman Eta Ameriken an te endike dabò nan septanm 2020 ke New York t ap resevwa jiska 980 refijye ak 340 detantè Viza Imigran Espesyal nan ane k ap vini an.

Aprè Prezidan Biden te fin antre an fonksyon ane sa a, admisyon Afgan yo te ogmante anpil nan tout peyi a. Biwo Sèvis Refijye eta a, ansanm ak ajans reyenstalasyon li ede yo, kontinye travay avèk responsab federal yo pou asire Afgan k ap rive yo jwenn asistans yo bezwen.

Biwo pou Nouvo Ameriken an gen yon liy asistans ki kapab konekte imigran ak refijye yo avèk sèvis gratis yo atravè eta a. Nou kapab jwen liy asistans lan nan 1-800-566-7636 soti 9:00 a.m. jiska 8:00 p.m., lendi rive vandredi, eksepte jou fèt, avèk asistans ki disponib nan plis pase 200 lang.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)